



## PA VWAYAJE PANDAN SEZON FÈT SA A.

### SE POU OU PREPARE POU METE TÈT OU AN KARANTÈN SI OU VWAYAJE.



### SA OU BEZWEN KONNEN SOU VWAYAJE PANDAN COVID-19 LA

Genyen yon transmisyon jeneral COVID-19 nan tout Etazini (U.S.) ak nan anpil lòt peyi yo. Vwayaje kounye a mete oumenm, fanmi ou ak kominote ou an danje pou tonbe malad epi pwopaje viris la bay lòt moun yo. Si ou oblije vwayaje, planifye davans, pran prekosyon epi prepare ou pou mete tèt ou an karantèn lè ou retounen.

Eta New York (NYS) genyen egzijans karantèn estrik pou vizitè yo ak moun New York ki ap retounen. Egzijans sa yo ede nou redwi pwopagasyon COVID-19. Moun ki ap retounen soti nan zòn ki genyen yon gwo kantite ka COVID-19 gen plis chans pou yo te ekspozè ak viris la epi pou yo genyen COVID-19 yomenm. Karantèn patikilyèman enpòtan pou redwi pwopagasyon COVID-19 paske li posib pou ou genyen COVID-19 epi ou pa konnen sa. Moun ki pa gen sentòm yo kapab redwi pwopagasyon viris la.

### Lè ou sou wout la oswa lakay ou, toujou pratike kat mezi prevansyon prensipal kont COVID-19 sa yo:

- **Rete lakay:** Rete lakay ou si ou pa santi ou byen, si ou te teste pozitif pou COVID-19 oswa si ou te nan kontak pwòch avèk yon moun ki genyen COVID-19.
- **Kenbe distans ou:** Kenbe omwen yon distans 6 pye ak lòt moun yo.
- **Mete yon kouvèti pou figi:** Pwoteje moun ki antoure ou yo nan pote yon kouvèti pou figi toutan lè ou deyò lakay pa ou. Yo egzije kouvèti pou figi yo nan Eta New York nan tout transpò piblik (gen ladan sèvis machin yo) ak konpayi ayeryen, tren ak bis yo.
- **Kenbe men ou pwòp:** Lave men ou souvan epi pote dezefektan pou men ki abaz alkòl pou ou itilize lè ou ap vwayaje. Evite touche figi ou ak men ou san lave epi kouvri nen ou ak bouch ou lè ou ap touse ak estène.

### Sa ou Bezwen Konnen sou Karantèn pou Vwayaj NYS la

Vwayajè ki ap retounen yo ak vizitè ki ap rive soti kote sa yo dwe ranpli **Fòm Sante Vwayaj NYS** la (klike sou lyen an oswa eskanerize kòd QR la pou aksede ak li) epi mete tèt ou an karantèn yon fwa ou rive:

- Yon lòt Eta U.S. **eksepte** Connecticut, Massachusetts, New Jersey, Pennsylvania oswa Vermont
- Yon peyi oswa teritwa ki genyen yon **yon alèt sante Nivo 2 oswa 3 Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a**



## Konbyen tan karantèn vwayaj la dire?

Ou dwe rete an karantèn yon fwa ou rive nan NYS. Sepandan, tès yo gendwa rakousi karantèn lan. Karantèn vwayaj la se pou 14 jou sòf si ou resevwa de (2) tès pou COVID-19 negatif, jan sa ye anba a:

- Teste pandan **72 èdtan avan ou rive** New York, epi
- Teste **4 jou apre ou rive** a.

Tès yo dwe se tès dyagnostik (tès ki itilize saliv oswa aplikatè pou nen oswa gòj yo), epi se pa yon tès san pou antikò. Pou ou jwenn yon sit tès toupre ou, vizite [isit la](#). Anpil sit yo ofri tès gratis. **Vwayajè yo dwe mete yo an karantèn avan yo resevwa tès dyagnostik 4 jou yo a epi pandan yo ap tann rezilta tès yo a.** Vwayajè ki chwazi pou yo pa fè tès yo dwe mete yo an karantèn pandan 14 jou.

Si ou te soti NYS pou piti pase 24 èdtan, ou pa bezwen fè tès avan ou rive oswa mete ou an karantèn lè ou rive. Sepandan, ou bezwen ranpli Fòm Sante Vwayaj NYS la epi fè tès 4 jou apre ou rive.

## Kijan pou mwen mete mwen an karantèn?

Pa kite lakay ou oswa espas kote ou rete a; pa ale an piblik. Nan kote sa posib, separe ou ak lòt moun lakay la epi pote yon kouvèti pou figi lè ou nan menm chanm avèk lòt moun yo. Yo dwe livre manje ak pwovizyon ba ou, oswa fè lòt aranjman dekwa pou ou pa kite lakay ou. Ou kapab kite lakay ou pou swen medikal ki esansyèl yo, gen ladan tès pou COVID-19, oswa pou ou kite Eta a.

Si ou pa kapab separe ou ak lòt moun yo lakay la, ou gendwa kalifye pou pou karantèn nan yon otèl COVID-19 NYC. Rele 212-268-4319 oswa vizite [isit la](#) pou plis enfòmasyon.

## Èske mwen kapab ale travay pandan mwen nan karantèn pou vwayaj?

Sèlman si ou se yon travayè esansyèl jan NYS defini sa a. Si se konsa, ou dwe pran mezi sa yo:

- Chèche tès dyagnostik nan 4 jou apre ou rive.
- Kenbe karantèn pandan ou pa nan travay la.
- Redwi kontak avèk lòt moun yo, siveye pwòp tèt ou pou sentòm COVID-19 yo, pote yon kouvèti pou figi lè ou an piblik epi kenbe distans fizik.
- Netwaye ak dezenfekte espas travay yo.
- Evite peryòd ki long nan anivwònman piblik oswa nan gwoup.

Kèk travayè esansyèl gen egzijans ki pi estrik. Pa egzanp, pèsonèl lekòl yo ak travayè gadri yo dwe satisfè eksepsyon pou tès anwo a pou yo kapab retounen travay. Konsilte anplwayè ou pou direktiv espesifik sou endistri a ki gendwa aplike pou ou ak sou politik konje maladi yo.

## Èske genyen penalite pou si moun pa swiv egzijans karantèn pou vwayaj NYS yo?

Wi. Dapre lwa NYS, nenpòt ki vyole òdonans pou karantèn lan gendwa sijè ak yon amann sivil jiska \$10,000 oswa anprizònman. Si yon moun pa ranpli Fòm Sante Vwayaj NYS la avan li kite ayewopò a, sa kapab mennen nan yon amann \$10,000 epi yo gendwa bay moun lan lòd pou li mete li an karantèn.

Vizite [Paj wèb Avètisman Vwayaj NYS la](#) pou plis enfòmasyon sou karantèn pou vwayaj la.